# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНДЕГИ ТАҢЛАҚЛАРДЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

*Жолымбетов Қәллибек Бердимурат улы*

Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты 2-курс магистранты

**Аннотация:** Мазкур мақолада қорақалпоқ тилидаги ундовларнинг ўзига ҳос лексик ва грамматик ҳусусиятлари, бошқа сўз туркумларидан асосий фарқли томонлари кўрсатиб берилган. Бу борада олимларнинг фикрлари, қарашлари ҳам мулоҳазага тортилган. Келгусида қорақалпоқ тилшунослигида ундовларни тадқиқ қилиш муҳимлиги ҳам эътиборга олинган.

**Калит сўзлар:** ундов сўзлар, лексик, грамматик ҳусусиятлар, сўз туркумлари, морфологик белги, гап бўлаклари, интонация.

Қарақалпақ тилиниң илимий изертлеў объектине айланыўы басқа түркий тиллерге салыстырғанда әдеўир кеш басланды. Атап айтқанда, қарақалпақ тили бойынша ең дәслепки илимий изертлеў жумыслары XX әсирдиң 30-жылларынан баслап жазыла баслады. Дәслепки изертлеўлердиң тийкарғы бағдары қарақалпақ тилиниң фонеткалық хәм грамматикалық өзгешеликлерин үйрениў болды. Белгили нәтийжелерге ерисиўде, қарақалпақ тил билиминиң тез пәт пенен раўажланыўында Н.А.Баскаков, Қ.Айымбетов, А.Қыдырбаев, К.Убайдуллаев, А.Есемуратов, К.Бердимуратов, Д.Насыров, Ж.Аралбаев сыяқлы илимпазлардың мийнетлери көп болды. Олар қарақалпақ тил билиминиң фонетика, диалектология, морфология тараўларының машқалалы мәселелери бойынша изертлеўлер алып барды. Аталған алымлар қарақалпақ тил билимин дәслепки изертлеўшилер болыў менен бирге келешекте қарақалпақ тилин изертлейтуғын кадрларды таярлаўға да үлкен үлесин қосты.

Ҳәзирге шекем қарақалпақ тилиниң бир қатар тараўлары, атап айтқанда, фонетика, лексикология, диалектология хәм грамматикасы бойынша көлемли изертлеў жумыслары орынланды. Олардың ишинде қарақалпақ тилиниң морфологиясына арналған изертлеўлер бирден көзге тасланады. Солай болса да, сөз

шақапларының айырым түрлери бойынша арнаўлы изертлеўлер енди ғана қолға алынып атыр. Солардың бири – таңлақ сөзлер.

Таңлақ сөзлер тил билиминиң морфология тараўында грамматикалық тәбияты ҳәм семантикалық белгилери менен өзгешеленетуғын сөз шақабы есапланады. Қарақалпақ тилинде таңлақлардың өзине тән өзгешеликлери, басқа сөз шақапларынан айырмашылық белгилери Н.А.Баскаков, А.Қыдырбаев, У.Ембергенов, А.Бекбергеновлардың изертлеўлеринде сөз етилген. Қарақалпақ тил билиминде таңлақларды монографиялық жобада изертлеген А.Темирбекова болды.

Таңлақлар семантикалық ҳәм  морфологиялық белгиси бойынша басқа сөз шақапларынан өзине тән белгилери менен ажыралып турады. Бул ҳаққында бир қатар илимпазлар өз изертлеўлеринде айтып өткен. Илимпаз У.Ембергенов еликлеўишлерди изертлеў барысында олардың таңлақлар менен айырмашылық тәреплерине де итибар қаратқан. Олар төмендегилер:

1. Таңлақ сөзлер семантикалық жақтан сөйлеўшиниң кеўил кеширмесин, буйрық, өтиништи, таңланыўды билдирсе, еликлеўишлер сес пенен көринисти ҳәр түрли формада аңлатады;

2. Таңлақ сөзлерде субстантивация, сөз жасалыў аз болса, еликлеўиш сөзлер субстантивлесиў ҳәм сөз жасалыў арқалы сөз шақапларының, гәп ағзаларының орнына жумсалады;

3. Еликлеўишлер барлық гәп ағзаларының хызметин атқарса, таңлақ сөзлер белгили бир гәп ағзасының ўазыйпасын атқарады;

4. Еликлеўишлерден атлық, келбетлик, фейил сөзлер жасалса, таңлақ ҳәм рәўишлерден фейил сөзлер аз жасалады;

5. Еликлеўишлерди бир тилден екинши тилге аўдарыў мүмкин емес, ал таңлақ сөзлерди аўдарма ислеў мүмкин.

6. Еликлеўишлер, көбинесе, гәпте “ет” фейили менен дизбеклесип келсе, таңлақлар “де” фейили менен дизбекleседи [1. 11-12].

Қарақалпақ тилиниң академиялық грамматикасына арналып 1994-жылы, соондай-ақ 2010-жылы баспадан шыққан мийнетлерде таңлақлар бойынша бир қатар жаңа пикирлер берилген:

1) таңлақлар белгили бир лексикалық мәнидеги түсиникке ийе болмайды. Олар адамның қандай да бир сезим арқалы пайда болған эмоциональлық мәнидеги сөздиң атамасын ғана билдиреди;

2) таңлақлар өзгермейтуғын сөз шақабы болғанлықтан, сөз өзгертиўши ҳәм сөз жасаўшы қосымталарға ийе болмайды;

3) таңлақ сөзлер гәптиң қурамында оның басқа ағзалары менен синтаксислик байланысқа түспейди. Сонлықтан олар сол өзгермеген кәлпинде грамматикалық гәп ағзасы ўазыйпасын атқара алмайды [3, 419; 4, 2441].

А.Темирбекова қарақалпақ тилиндеги таңлардың тийкарғы төмендегидей өзгешеликлерин белгилеп өткен:

1. Таңлақлар морфологиялық белгиси жағынан өзгермейтуғын сөз шақабы;

2. Мәнисине қарай адамның сөйлеў барысында түрлише (өкиниў ямаса шадлық, буйрық, сөйлеў әдети ҳәм басқа) сезимлерин билдиреди. Сондай-ақ, олар гәптиң улыўма мазмунына байланыслы болады;

3. Морфологиялық белгисине қарай таңлақлар өзиниң тийкарғы лексикалық мәнисинде жумсалғанда аффикслар арқалы өзгермейди. Сондай-ақ, өзиниң сөз жасаўшы аффикслерине ийе емес [2, 14].

Ҳақыйқатында да, таңлақлар мәнили сөз шақапларына да, көмекши сөзлерге де кирмейтуғын, грамматикалық жақтан өзгермейтуғын сөзлер, олар өзине тән семантикалық ҳәм морфологиялық белгилерине ийе сөз шақабы есапланады. Таңлақлар сөз жасаўшы, форма жасаўшы қосымталарға ийе емес. Таңлақ жасаўшы арнаўлы аффикслер жоқ. Сол ушын да олар ҳәр қыйлы сезимлик интонация менен айтылатуғын мәнили сөз шақапларының мәнилик жақтан таңлаққа өтиўинен жасала береди. Буларға турмыс-салт ҳәм буйрық таңлақларын киритиў мүмкин.

Таңлақлардың мәниси, көбинесе, улыўма гәптиң мазмуны ҳәм контекст арқалы конкретлеседи. Олар гәптиң бир ағзасына қатнаслы болмай пүтин гәптиң мазмунына қатнаслы болып келеди. Сол ушын да таңлақлар айрықша интонасия менен айтылады, гәптеги басқа гәп ағзалары менен синтаксислик байланысқа түспейди, белгили бир сораўға жуўап бермейди. Өз алдына гәп ағзасы бола алмайды.

Таңлақлардың гәптиң улыўма мазмунына қатнаслы болғаны оның модал сөзлерге, жанапайларға, сеслик өзгешелиги ҳәм образлы түсиникти билдириўи жағынан еликлеўиш сөзлерге де жақын екенин көрсетеди, бирақ та олардан айырмасы бар.

Демек, қарақалпақ тилинде таңлақлар сөз шақапларының бөлиниўи бойынша мәнили сөзлер топарына да, көмекши сөзлер топарына да кирмейтуғын сөз шақабының өз алдына бир түрин қурайды. Олар да қарақапақ тилиниң раўажланыў тарийхында қәлиплесип келген.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Ембергенов У. Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги еликлеўиш сөзлер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1990.

2. Темирбекова А.О. Қорақалпоқ тилида ундовлар (фонетика-морфологик, семантика-стилистик таҳлил) – Филол.фан.б.фалс.докт. (PhD) дисс. автореферати. – Нукус, 2022.

3. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. – Нөкис: Билим, 1994.

4. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tili. Morfemika. Morfonologiya. So’z jasalıw. Morfologiya. – No’kis: Bilim, 2010.